



FÒM KONSANTMAN AK DEPISTAJ VAKSEN COVID-19

Non Etablisman Administrasyon an/ID Etablisman an: _____

SEKSYON 1: ENFÒMASYON SOU PASYAN AN (TANPRI EKRI AK LÈT DETACHE)

Non: Siyati: _____ Prenon: _____ Inisyal Dezyèm Prenon: _____		
Dat Nesans: Mwa _____ Jou _____ Ane _____ Nimewo Telefòn Mobil (Pasyan oswa Responsab Legal): (____)		
Adrès: _____ Nimewo Apt/Chanm: _____		
Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____		
Non Responsab Legal: Siyati: _____ Prenon: _____ Inisyal Dezyèm Non: _____		
Sèks (Sèks yo te mete nan nesans) <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Gason	Ras <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Natifnatal Awayi oswa lòt <input type="checkbox"/> Natifnatal Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Blan	<input type="checkbox"/> Lòt Azyatik <input type="checkbox"/> Enkoni <input type="checkbox"/> Lòt Moun ki pa blan <input type="checkbox"/> Lòt Natifnatal Zile Pasifik Gwoup Etnik <input type="checkbox"/> Ispanik oswa Latino <input type="checkbox"/> Pa Ispanik oswa Latino <input type="checkbox"/> Enkoni
Nimewo ID Konpayi Asirans Prensipal: _____ Nimewo Gwoup: _____ Konpayi Asirans: _____ Nimewo Telefòn Konpayi Asirans: _____ Non Moun ki Asire a: _____ Relasyon: _____ Dat Nesans Moun ki Asire a: _____ Nimewo ID Dezyèm Konpayi Asirans: _____ Nimewo Gwoup: _____ Konpayi Asirans: _____ Nimewo Telefòn Konpayi Asirans: _____ Non Moun ki Asire a: _____ Relasyon: _____ Dat Nesans Moun ki Asire a: _____		
Sou konbyen dòz vaksen COVID-19 ou ye? <input type="checkbox"/> Premye Dòz <input type="checkbox"/> Dezyèm Dòz <input type="checkbox"/> Twazyèm Dòz*		

SEKSYON 2: KESYON DEPISTAJ COVID-19

Tanpri, asire ou tcheke WI oswa Non pou chak kesyon.	Wi	Non
1. Èske ou gen jodi a, oswa èske ou te gen nenpòt lè nan 10 jou ki sot pase yo, lafyèv, frison, tous, souf kout, difikilte pou respire, fatig, doule nan misk oswa doule nan kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa pran sant, malgòj, konjesyon oswa nen k ap koule, kèplen oswa vomisman, oswa dyare?		
2. Èske ou te gen tèz pozitif epi/oswa èske yo te fè yon dyagnostik enfeksyon COVID-19 pou ou nan 10 jou ki sot pase yo?		
3. Èske ou te gen yon reyaksyon alèjik grav (pa egzanp epinephrine oswa swen lopital te nesèsè) ak yon dòz nan vaksen sa a anvan sa oswa ak nenpòt engredyan ki nan vaksen sa a?		
4. Èske ou te resevwa nenpòt tretman ak Antikò COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo (pa egzanp, Regeneron, Plasma Konvalesan COVID, elatriye)		

SEKSYON 3: GID DEPISTAJ VAKSINASYON POU VAKSEN COVID-19

Tanpri, asire ou tcheke WI oswa Non pou chak kesyon.	Wi	Non
5. Èske ou pote yon Epi-pen pou tretman dijans anafilaksi epi/oswa èske ou fè alèji oswa reyaksyon ak nenpòt medikaman, manje, vaksen, oswa latèks?		
6. Pou fanm yo, èske ou ansent oswa èske gen yon chans pou ou ta vin ansent?		
7. Pou fanm yo, èske w ap bay tete kounye a?		
8. Èske ou gen defisyans sistèm iminitè oswa ou sou yon medikaman ki afekte sistèm iminitè ou?		
9. Èske ou gen yon maladi senyen oswa ou sou yon medikaman pou delye san/medikaman antikowagilan?		
10. Èske ou se yon fanm ki gen laj ant 18 ak 49 lane k ap resevwa vaksen COVID-19 Janssen (Johnson and Johnson) lan?		
11. Si ou gen laj mwens pase 18 lane, èske oumenm ak/oswa gadyen ou okouran ou kalifye pou resevwa vaksen Pfizer a sèlman?		
12. Èske ou te resevwa yon dòz anvan sa nan nenpòt vaksen COVID-19? Si se wi, vaksen ki fabrikan ou te resevwa:		
*13. Si sa a se twazyèm dòz ou, èske ou gen defisyans sistèm iminitè yon fason modere jiska grav? (pa egzanp ou se yon moun ki resevwa transplantasyon ògàn solid, ki nan medikaman ki febli sistèm iminitè, ap pran tretman kansè aktif pou kansè, elatriye). Sonje yo rekòmande yon twazyèm dòz vaksen mRNA nan moman sa a sèlman pou moun ki genyen defisyans sistèm iminitè yon fason modere jiska grav epi ta dwe rive omwen 28 jou apre w fin pran dènye dòz vaksen mRNA a.		

- Mwen sètifye mwen: (a) se pasyan an epi mwen gen laj omwen 18 lane; (b) se responsab legal pasyan an epi mwen konfime ke pasyan an gen laj omwen 12 lane (pou konsantman vaksen Pfizer a sèlman); oswa (c) otorize legalman pou bay konsantman pou vaksinasyon pou pasyan ki endike anwo a. Anplis, ak dokiman sa, mwen bay Depatman Sante Florid (Department Of Health, DOH) oswa ajan li yo konsantman m pou bay vaksen COVID-19 la.
- Mwen konprann Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pa te apwouve oswa otorize pwodui sa a, men FDA te otorize li pou itilizasyon dijans, dapre yon Otorizasyon pou Itilizasyon Dijans (Emergency Use Authorization, EUA) pou anpeche Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19) pou itilizasyon kay moun ki gen swa laj 12 zan oswa plis (Pfizer sèlman) oswa laj 18 lane oswa plis (Pfizer, Moderna ak Johnson and Johnson); epi itilizasyon dijans pwodui sa a otorize sèlman pandan dire deklarasyon egzistans sikonstans ki jistifye otorizasyon itilizasyon dijans pwodui medikal la dapre Seksyon 564(b)(1) nan Lwa Federal sou Manje, Medikaman ak Kosmetik (Federal Food, Drug, and Cosmetic Act, FD&C Act) sòf si deklarasyon an sispans oswa otorizasyon anile pi bonè.
- Mwen konprann li pa posib pou predi tout efè segondè oswa konplikasyon ki posib ki asosye ak lè moun resevwa vaksen an (yo). Mwen konprann risk ak avantaj ki asosye avèk vaksen ki anwo a, epi mwen te resevwa, mwen te li epi/oswa yo te eksplike m Fich Enfòmasyon Otorizasyon pou Itilizasyon Dijans vaksen COVID-19 mwen chwazi pou resevwa a. Mwen rekonèt tou ke mwen te gen okazyon pou poze kesyon e ke yo te reponn kesyon sa yo nan fason ki satisfè m.
- Mwen rekonèt yo te konseye pou m rete toupre anplasman vaksinasyon an pou obsèvasyon pandan apeprè 15 minit (oswa pi lontan nan ka byen presi) apre yo fin bay vaksen an. Si mwen gen yon reyaksyon grav, m ap rele 9-1-1 oswa mwen prale nan lopital ki pi pre a.
- Nan non pa mwen, nan non eritye ak reprezantan pèsonèl mwen yo, ak dokiman sa, mwen retire responsablite sou Eta Florid, Depatman Sante Florid (DOH), Divizyon Jesyon Ijans Florida (FDEM) ak anplwaye, ajan, siksesè, divizyon, afilye, filyal, dirijan, direktè, kontraktè ak anplwaye pa yo, tout responsablite oswa reklamasyon sanzesepsyon keseswa koni oswa enkonni ki vin genyen, ki gen koneksyon, oswa ki gen rapò nan nenpòt fason ak vaksen yo bay ki endike anwo a.
- Mwen rekonèt ke: (a) mwen konprann objektif/avantaj Florida SHOTS, rejis vaksinasyon Florid la epi (b) DOH pral mete enfòmasyon vaksinasyon pèsonèl mwen nan Florida SHOTS, epi y ap kominike enfòmasyon vaksinasyon pèsonèl mwen bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) oswa lòt ajans federal yo.
- Anplis, mwen otorize DOH, FDEM, oswa ajan li yo soumèt yon reklamasyon bay founisè asirans mwen oswa bay Medicare Pati B san peman kouvèti asirans siplemantè pou mwen pou atik ak sèvis yo ki mande anwo. Mwen transfere epi mande pou fè peman avantaj otorize yo nan non mwen bay DOH, FDEM, oswa ajan li yo konsènan atik ak sèvis yo ki mande anwo a. Mwen konprann ke nenpòt peman mwen responsab pou li finansyèman dwe fèt nan moman sèvis la oswa si DOH faktire m apre moman sèvis la, peman an dwe fèt lè mwen resevwa bòdwo sa.
- Mwen rekonèt mwen resevwa Avi sou Pratik Konfidansyalite DOH yo.

Siyati Pasyan an oswa Reprezantan Otorize a _____ **Dat:** _____

Ekri ak lèt detache Non Reprezantan an ak Kisa li ye pou Moun k ap Pran Vaksen an: _____

Sit (LD/RD)	Wout	Fabrikan (MVX)	Nimewo Lo Inite Itilizasyon/ Inite Lavant	Dat Ekspirasyon	Dat Fich Enfòmasyon EUA
	IM				

Administre nan anplasman: Non/ID etablisman an	
Administre nan anplasman: Ki kalite	
Adrès Administrasyon:	
CVX (pwodui)	
Òganizasyon k ap voye a:	

Ekri ak lèt detache Non Vaksinatè a: _____ **Siyati:** _____ **Dat:** _____

Sifiks founisè k ap administre Vaksen an: _____